# Kutsiva Mubato Mukuru Unosimudza Mvura Wepombi Inodhonza Mvura YeBush (Bush Pump Riser Main Slider Replacement)

Replace the riser main slider in a Bush pump.

Written By: iRobot

This document was generated on 2019-09-22 02:43:19 PM (MST).



This document was generated on 2019-09-22 02:43:19 PM (MST).

© iFixit — CC BY-NC-SA



## INTRODUCTION

Tevedzera gwaro rino rekurayiridza kubvisa mubato mukuru unosimudza pombi kuti ugadzirwe kana kutsiviwa



© iFixit — CC BY-NC-SA

## Step 1 — Head and Handle (Shona)

- Ona kuti pombi inoshanda zvakanaka sei nekupomba kwemakumi mana.
- Pombi inoshanda zvakanaka inofanira kudira mvura inosvika marita gumi.

## Step 2




- Bvisa mapini maviri akabatanidza mubato nechinofambisa mubato.



© iFixit — CC BY-NC-SA

## Step 3






- Dhonza mibato miviri kubva kune chinofambisa mubato.

## Step 4





- Simudza mapini maviri akabatanidza pombi kumusoro nemubato, kubva papombi.



© iFixit — CC BY-NC-SA


## Step 5





- Mudanho rino rose, ona kuti watsigira mubato nemusoro nemaoko matatu kana kupfuura.
- Buritsa chimutanda chejoinhi kubva muchimusoro.
- Wongorora chimutanda chejoinhi nemusoro kuti hazvina kusakara kana kukuvara here.

## Step 6



- Bvisa musoro nemubato wozviisa panzvimbo yakachena kuti zvisabate utachiona



© iFixit — CC BY-NC-SA

## Step 7 — Riser Main Slider (Shona)





- Simudza mubato mukuru unosimudza pombi zvine simba nemaoko maviri.

⚠ Chenjerera kuti usadonhedze mubato mukuru unosimudza pombi, nekuti izvi zvinogona kukuvadza humburumbira

## Step 8







- Shandisa chipanera chepombi kusunungura pombi inotakura mvura yepamusoro.



© iFixit — CC BY-NC-SA 

## Step 9





- Simudza mubato unosimudza pombi nepombi refu.
- Tenderedza simbi inobata chimutanda chepombi pachimutanda, uye chisunge zvine simba pachimutanda chepombi.
- Dzikisa pombi refu nemubato unosimudza pombi kuti ugare pane chinobatisa pombi zvakanaka.

## Step 10






- Sunungura ubvise bhaudhi rinobata chimutanda chepombi nebhaudhi rechimutanda chepombi pamusoro pemutanda unosimudza pombi.



© iFixit — CC BY-NC-SA

## Step 11





- Bvisa mubato mukuru unosimudza pombi, uye ongorora kuti haina kubvaruka kana kuchembera here.
- Isa mubato unosimudza pombi panzvimbo yakachena kuitira kuti usabate utachiona.

Kuti ubatanidze mudziyo wako zvakare, tevedzera mirayiro uchitanga nekwekupedzesera.



© iFixit — CC BY-NC-SA